# 33 JASQA KREDIT BERILDI

Jaslardı  jumıs penen támiyinlew, bos waqıtların  mazmunlı shólkemlestiriw, mánawiyatın joqarılatıw boyınsha bir qatar ilajlar ámelge asırılmaqta. Ásirese, isbilermenlik jumısın baslaw niyetinde bolǵan jaslarǵa bank kreditlerin alıw hám salıq tarawında  jeńillikler jaratılǵan.

Beruniy rayonında «Jaslar: 1:1» baǵdarlaması sheńberinde jumıssız hám jámlespegen jaslardı kásip-ónerge hám isbilermenlikke oqıtıw hám «Hár bir isbilermen – jaslarǵa mádatkar» principi tiykarında  1 isbilermenge 1 jumıssız jastı biriktiriw baslaması jaqsı jolǵa qoyılǵan bolıp, kóplegen isbilermenler tárepinen  qollap-quwatlanbaqta.

Rayonda isbilermenlik jumısın baslaw niyetin bildirgen 33 jasqa 6 kúnlik (48 saat)  Sawda-sanaat palatası, Jaslar isleri agentligi hám bank xızmetkerileri tárepinen biznes júrgiziw, isbilermenlik kónlikpeleri boyınsha sabaqlar ótilip, olarǵa  33 millionnan 200 million sum muǵdarında kredit ajıratılıp,  arnawlı sertifikatlar  tapsırıldı.

Image not found or type unknown

-Poligrafiya –  búgingi zaman talabına say bolǵan jumıs baǵdarı esaplanadı. Jumısımdı baslaw ushın banktten kredit aldım hám ózim qatarlı zamanlaslarımdı jumıs penen támiyinlemekshimen, – deydi  jas isbilermen Nawrızbek Seytimov.

Image not found or type unknown

Bolajaq isbilermenlerge sektor basshıları hám Jaslar isleri agentligi, Jaslar awqamı rayonlıq bólimi tárepinen sertifikat tapsırıldı.

Qaraqalpaqstan xabar agentli